# औ

**औकात** [aukAta] *स्त्री.* हैसियत; status, position, prestige. उदा. अपना औकात में रह।

**औगारल** [augArala] *स.क्रि.* हल द्वारा गहरी जुताई करना; to plough deeply. उदा. खेत के औगार द।

**औछार** [auchAra] *पुं.* हल्की पर तेज बारिश (एक बार में); sudden shower, rainsquall. उदा. एक औछार पड़ल ह।

**औढ़र** [auRhara] *पुं.* मनमौजीपन; merriness, jolliness, jollity. उदा. तोहार औढ़र सोहात नइखे।

**औतार** [autAra] *पुं.* अवतार; incarnation, Avatar. उदा. रामजी नवमी के औतार लेले रहीं।

**औरंग** [auranga] *पुं.* मक्का आदि का रोग जिसमें डंठल पर सफेद दाग पड़ जाते हैं; a crop disease causing stalks to develop white spots. उदा. बाजरा के पौधन में औरंग लाग गइल बा।

**औलाद** [aulAda] *स्त्री.* संतान; progeny, offspring. उदा. एकदम शैतान के औलाद हवे का रे



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

# क

**कँखउरी** [kaMkhaurI] *स्त्री.* कँखौरी, काँख गिल्टी; bubo. उदा. राजू के कँखउरी भइल रहे।

**कँखवटल** [kaMkhavaTala] *स.क्रि.* काँख में दबाकर चल देना; to walk away squeezing under the armpits. उदा. पुअरा कँखवट के ले आव।

**कँटेअवा झूर** [kaMTeavA jhUra] *पुं.* काँटेदार झाड़; thorny bush. उदा. कँटेअवा झूर मत उखड़िह।

**कँठेसर** [kaMThesara] *पुं.* एक तरह का कंठ आभूषण, जो गले में पहना जाता है; a neck ornament. उदा. कँठेसर गर में पहिरल जाला।

**कँड़रा** [kaMRarA] *पुं.* एक प्रकार का उपला; a kind of cow dung cake. उदा. कँडरा जराके फुटेहरी सेंक ल।

**कँड़री** [kaMRarI] *स्त्री.* कड़ा पैखाना; hard faeces. उदा. कँड़री होखला पर रेंड़ी के तेल पिये के चाहीं।

आँत में सूखा हुआ मल. उदा. पानी कम पीये से आँत में कँड़री बन्हा गइल बिआ।

**कँसासुरी** [kaMsAsurI] *पुं.* वह बैल जिसका एक सींग ऊपर और दूसरा नीचे की तरफ हो; bullock with a horn raised up and the other slanting down. उदा. कँसासुरी नीमन ना लागेलसन।

**कँहरल** [kaMharala] *अ.क्रि.* कराहना; to sob, to groan. उदा. ऊ बेमारी से कँहरत बाड़न।

**कँहरवा** [kaMharvA] *पुं.* पाँच मात्राओं की एक ताल; musical rhythm cycle with five beats. उदा. कँहरवा बड़ी मीठ ताल ह।

**कंचट** [kancaTa] *पुं.* कान के ऊपर का घाव; a wound above the ear. उदा. कंचट कम देख देला बाकिर फुहर लागेला।

**कंचोरस** [kancorasa] *पुं.* ईख का रस; sugar cane juice. उदा. कंचोरस मत पीअ।

**कंजड़** [kanjaRa] *वि.* कंजूस; miser. उदा. तू बड़ी कंजड़ बाड़।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

**कंजड़ई** [kanjaRaI] *पुं.* कंजूसी; miserliness, stinginess. उदा. ढेर कंजड़ई ना करे के चाहीं।

**कंट बिछवना** [kanTa bichavanA] *पुं.* कंटकशय्या; bed of thorns. उदा. कंट बिछवना गड़ेला।

**कंटिया** [kanTiyA] *स्त्री.* लंबी गरदन वाला मिट्टी का पात्र, सुराही; long-necked clay carafe, surahi. उदा. कंटिया में तेल या घी रखल जाला।

**कंठसार** [kanThasAr] *पुं.* एक तरह का घाव, जो गले में होता है; a neck sore. उदा. कंठसार के दवाई खाइल जाला।

**कंपा** [kanpA] *पुं.* बाँस की तीलियाँ जिनमें बहेलिए लासा लगाकर चिड़ियाँ फँसाते हैं; a bird net made of bamboo splints. उदा. जेठ में कंपा लगाके बलेलिया लोग बटेर बझावेला।

**कइँची** [kaiMcI] *स्त्री.* कैंची; scissors, clippers. उदा. कँइची से कपड़ा काट द।

**कइल** [kaila] *स.क्रि.* करना; to do. उदा. आज ई काम जरूर कइल जाई।

**कइसन** [kaisana] *वि.* कैसा; of what kind, like what. उदा. ई कइसन आम ले आइल बाड़ कि मीठ नइखे।

**कइसे** [kaise] *क्रि.वि.* कैसे; how. उदा. रजाई बिना रतिया कइसे कटी

**कई** [kaI] *वि.* एक से अधिक; more than one, many. उदा. शिव के धनुष कई राजा लोग मिलके उठावत रहे, तबो ना उठल।

**कईतल्ला** [kaItallA] *वि.* बहुमंजिला; multistoried. उदा. हमार घर कईतल्ला रहे।

**कईन** [kaIna] *पुं.* बाँस की पतली-पतली डाल जो टोकरी वगैरह बनाने के काम आती है; thin bamboo branches used to make baskets etc. उदा. कईन के छिट्टा टोकरी भूँसा ढोवे के काम में आवे ला।

**कउँचल** [kauMcala] *अ.क्रि.* रंज होना; to regret, to grieve, to be in grief. उदा. लाल बेग कहला से गिरधारी बो कउँचेली।

**कउआइल** [kauAila] *अ.क्रि.* मन का ऊब जाना; to get bored, to lose interest. उदा. काम करत-करत मन कउआ गइल बा।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

**कउड़ा** [kauRA] *पुं.* जाड़े में आग तापने के लिए पुआल आदि का अलाव; straw etc being burnt to warm oneself. उदा. जाड़ा में लोग कउड़ा तापेला।

**कउड़ी** [kauRI] *स्त्री.* मवेशियों का खाना पचाने के लिए उनके द्वारा किया जानेवाला पागुर, जुगाली; cuddling. उदा. बैल कउड़ी करता।

अस्थिकोश में रहनेवाला समुद्री कीड़ा; cowrie. उदा. कउड़ी समुद्र में मिलेला।

**कउड़ी चिन्ह** [kauRI cinnha] *वि.* कंजूस (व्यक्ति); miserly person, money-grubber, niggard. उदा. कउड़ी चिन्ह आदमी खरचा ना करे।

**कउड़ी बूँट** [kauRI bUMTa] *पुं.* काबुली चना; a variety of chickpea. उदा. कउड़ी बूँट के तकारी बनावे के चाही।

**कउवा ठोकर** [kauvA Thokara] *पुं.* एक तरह का खेल; a kind of game. उदा. कउवा ठोकर में आँख बंद करके कपार पर मारल जाला।

**कउवानहान** [kauAnahAna] *पुं.* कम पानी से कामचलाऊ स्नान, जिसमें शरीर पूरी तरह भीगे भी नहीं; bathing in very little water not enough to wet the whole body. उदा. जाड़ा में राम कउवानहान नहालन।

**कउवाल** [kauvAla] *पुं.* एक तरह की मछली, यह पटेआ के तरह होती है पर मुँह बड़ा होता है; a patea-type fish with comparatively larger mouth. उदा. काल्ह कउवाल बाझल रहे।

**कउस** [kausa] *वि.* काले एवं श्वेत रोयें वाला (बैल); bullock with black and white fleece. उदा. कउस बैल नीमन लागेला।

**ककन छोड़ाई** [kakana choRAI] *स्त्री.* नदी के किनारे नवविवाहित वर-वधू की कलाई से कंगन त्याग कर सुखी-गृहस्थ जीवन की कामना के किया जानेवाला एक रस्म; wedding observance of casting off wedding bracelets to wish for happy conjugal life. उदा. ककन छोड़ाई खातिर बजनिया बोलावल जाला।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

**ककना** [kakanA] *पुं.* एक तरह का आभूषण, जो कलाई में पहना जाता है; a wrist ornament. उदा. ककना हाथ में पहिर ल।

विवाह में लड़के के हाथ में आम के हरे पत्ते का बंधन; in a wedding a bracelet made of green leaves for the groom. उदा. दुल्हा के हाथ में ककना शोभता।

**ककही** [kakahI] *स्त्री.* कंघी; comb. टूटि गइली ककही, छटक गइले सरिया, रुसल मइया ना।

**ककीर** [kakIra] *पुं.* एक तरह का पान, जो उत्तम कोटि का होता है; a kind of high-quality betel leaf. उदा. ककीर के बढ़िया पान मानल जाला।

**ककुलाना** [kakulAna] *स.क्रि.* खुजलाना; to itch. उदा. ढील से कपार ककुलात बा।

**ककोच** [kakoca] *पुं.* मवेशियों का जबड़ा; cattle's' jaw. उदा. गाय के ककोच में घाव बा।

**कचट** [kacaTa] *पुं.* मुँह के भीतर, हाथ की तलहत्थी और पैर के तलवे में लगनेवाली ऐसी चोट जिससे माँस को कुछ क्षति पहुँचे; a mouth, palm, sole injury harming meat. उदा. कड़ेर लिट्टी खाये से मुँह में कचट लाग गइल बा।

**कचरल** [kacarala] *स.क्रि.* मस्तीपूर्वक चबाना; to chew merrily. उदा. बनारसी लोग पान खाला ना बलुक कचरेला।

**कचरस** [kacarasa] *पुं.* ईख का रस; sugar cane juice. उदा. कचरस ऊख के ताजा रस के कहल जाला।

**कचरी** [kacarI] *स्त्री.* हरा चना; green chickpea. उदा. कचरी के रंग हरिअर होला।

**कचवनी** [kacavanI] *स्त्री.* कच्चे चावल का गुड़ आदि डालकर बना हुआ एक प्रकार का मिष्ठान; a sweetmeat made with raw rice and jaggery. उदा. दुलहिन कचवनी लेके आइल बाड़ी।

**कचारल** [kacArala] *स.क्रि.* कपड़ा धोना; to wash clothes. उदा. मेहरारू लोग इनार पर कपड़ा कचारत बाड़ी।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

**कच्ची के भोज** [kaccI ke bhoja] *वि.* कच्ची रसोई, सिर्फ पानी में पका हुआ खाद्य- पदार्थ जैसे दाल, भात आदि; unfried food, light food as opposed to fried food (in Indian parlance). उदा. भतवान में कच्ची के भोज दिआला।

**कच्ची रुई** [kaccI rUI] *पुं.* भाँग; bhang, cannabis in any shape like leaves or hashish, hemp. उदा. बाँग ले आव।

**कछिया** [kachiyA] *स्त्री.* चड्डी; undershorts. उदा. लड़िका कछिया पहिन के नहाता।

**कछौटा** [kachauTA] *पुं.* पहनी हुई धोती को कमर में कसकर तथा ऊपर चढ़ाकर बाँधने की रीति; style of tightening and folding worn dhoti half way up. उदा. राम कछौटा काछके काम करत बाड़न।

**कज** [kaja] *वि.* टेढ़ा; aslant, bent, oblique. उदा. सूई में डोरा कज कके लगा द।

**कजरौटा** [kajarauTA] *पुं.* काजल रखने वाला पात्र, कजलौटा; kohl box. उदा. कजरौटा में काजर सेंकाला।

**कजाहल** [kajAhala] *वि.* विकलांग (बैल); crippled (bullock). उदा. हमार बैल कजाहल बा।

**कजिया** [kajiyA] *पुं.* श्राद्ध; shraaddha, annual memorial service for deceased ancestors, also performance of last rites. उदा. मुअला पर कजिया होला।

**कटउँसा** [kaTauMsA] *पुं.* ऐसी जाति का चूहा जो काटता हो; a kind of biting mouse. उदा. हई लुगा कटउँसा काट देले बा।

**कटकटावल** [kaTakaTAvala] *अ.क्रि.* दाँत पीसना (क्रोधावस्था में); to grind teeth (in anger). उदा. खीस में आदमी दाँत कटकटावेलन।

**कटघरा** [kaTagharA] *पुं.* कठघरा, न्याय के लिए अदालत में बिना लकड़ी का घेरा; dock, wooden box in a court of law. उदा. चोर के कटघरा में ले आव।

**कटनिहार** [kaTanihAra] *पुं.* फसल काटनेवाला; reaper, cropper. उदा. कटनिहार लोग के धान काटे के पारिश्रमिक सोरहिया दिआला।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

**कटनी** [kaTanI] *स्त्री.* फसल की कटाई; reaping, cropping. उदा. कटनी खातिर हँसुआ लेले जा।

**कटरनी** [kaTaranI] *स्त्री.* मोची का सूआ; shoemaker's awl. उदा. कटरनी से जूता सिआला।

**कटरा** [kaTarA] *पुं.* कपड़ा बाजार(बजाजा); cloth market. उदा. कटरा में कपड़ा बिकाला।

**कटसिंगी** [kaTasingI] *स्त्री.* वह भैंस जिसके सींग कटे हों; buffalo with cutoff horns. उदा. हई कटसिंगी दू किलो दूध देले।

**कटहीहर** [kaTahIhara] *पुं.* एक तरह का हल, जिससे निकौनी की जाती है; a kind of plough used for hoeing. उदा. कटहीहर से खेत के घास निकालल जाला।

**कटाह** [kaTAha] *वि.* काटनेवाला (कुत्ता); biting dog. उदा. ई कुकुर कटाह ह।

**कटिया** [katiyA] *पुं.* मिट्टी का बना गोल बर्तन, जिसमें अनाज आदि रखा जाता है; a clay pot for storing grains etc. उदा. कटिया में चाउर रखल बा।

*स्त्री.* कटनी; reaping. उदा. कटिया करे खातिर हँसुआ ले आव।

**कटुई** [kaTuI] *स्त्री.* फसल को क्षतिग्रस्त करनेवाला कीड़ा; a pest which destroys crops. उदा. धान में कटुई लाग गइल बाड़ीसन।

**कटेआवा घेरा** [kaTeAvA gherA] *पुं.* झाड़ी बाड़; shrubbery used as hedge. उदा, कटेआवा घेरा तूड़ दिह।

**कटोरा** [kaTorA] *पुं.* चौड़े पेंदे का खुले मुँहवाला पात्र; broad-bottomed open cup. उदा. कटोरा फूटल बा।

**कट्ठा** [kaTThA] *पुं.* बीघे का बीसवाँ भाग; twentieth part of bigha (a land measure). उदा. बीस कट्ठा के एक बिगहा होला।

**कठईया** [kaThaIyA] *वि.* काठ का बना हुआ; wooden. उदा. कठईया चमचा ले आव।

**कठईया हर** [kaThIyA hara] *पुं.* लकड़ी का हल; wooden plough. उदा. कठईया हर से खेत जोतात बा।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com

**कठखोलवा** [kaThakholavA] *पुं.* पक्षी, जिसके सिर पर चोटीनुमा आकृति होती है और वह अपनी लंबी चोंच से पेड़ों में छेद करता है; woodpecker, crested bird with a strong bill pecking at tree trunks. उदा. कठखोलवा भूअर रंग के होलेसन।

**कठजामुन** [kaThajAmuna] *पुं.* जंगली जामुन जिसमें गूदा कम होता है; wild jambo yielding less flesh. उदा. कठजामुन सस्ता बिकेला।

**कठजीव** [kaThajIva] *वि.* कठोर प्रकृति का; hardy, strong. उदा. जाड़ा में ऊ उघारे निघारे घुमेलन काहे कि कठजीव हवन।

**कठबाप** [kaThabApa] *पुं.* सौतेला पिता; cruel father. उदा. कठबाप के माया नइखे।

निर्दयी पिता; tyrant father. उदा. काहे बेटा के लाठी से मारत बाड़, तू कटबाप हव का

**कठमउग** [kaThamauga] *पुं.* वह पुरुष जिसमें स्त्रियोचित गुण हो; effeminate man. उदा. कठमउग से कुछ ना होखे।

**कठमुरुकी** [kaThamurukI] *स्त्री.* किंकर्तव्यविमूढ़ मनोदशा; bewilderment, predicament, puzzlement, being nonplussed. उदा. सीता के धरती में समाइल देखके राम के कठमुरुकी मार देलस।

**कठवत** [kaThavata] *पुं.* आटा गूँथने के लिए लकड़ी का पात्र; wooden shallow tub to knead flour. उदा. कठवत में पिसान सनाई।

**कठुआइल** [kaThuAila] *अ.क्रि.* सूखकर कड़ा होना; to become hard on drying. उदा. हवा लागे से हलुआ कठुआ गइल।

ठिठुरना; to shiver. उदा. जाड़ा में नहाये से हाथ-गोड़ कठुआ गइल।

**कठेया** [kaTheyA] *पुं.* काठ की तरह जड़ीभूत होने की स्थिति; being transfixed like wood. उदा. अइसन अशुभ बात सुनके हमरा कठेया मार दिहलस।

**कठेल** [kaThela] *वि.* सख्त, कड़ा; hard, not soft. उदा. हलुआ बड़ा कठेल बनल बा।



PDF created with pdfFactory trial version www.pdffactory.com